

BAB 1

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Istilah tata basa miboga harti anu jembar jeung harti anu heureut. Dina harti anu jembar, tata basa téh sok disaruakeun jeung sistem basa atawa kaédah basa, nya éta aturan-aturan anu ngadumaniskeun sora jeung harti. Dina harti anu heureut, tata basa téh ngan ngawengku tata kecap jeung tata kalimah. Istilah tata basa dina harti nu jembar, nya éta minangka sistem basa anu miboga sababaraha subsistem kayaning tata sora, tata kecap, tata kalimah, jeung tata wacana. (Sudaryat, 2013, kc. 10). Tata sora mangrupa bagian tina élmu sora basa atawa fonologi, anu hartina nya éta élmu sora basa, prosésna, wujudiahna, selang surupna, gunana, jeung parobahanana (Sudaryat, 2013, kc. 11). Istilah tata kecap atawa morfologi nyaéta salah sahiji bagian tina tata basa, anu maluruh kecap, cara ngawangunna, selang surupna, sarta patula-patalina kana harti jeung warna kecap (Sudaryat, 2013, kc. 47). Istilah tata kalimah nu sok disebut sintaksis téa, nyaéta hiji subsistem basa nu ngawengku konstruksi-konstruksi gramatik saluhureun kecap, nya éta konstruksi-konstruksi gramatik anu mangrupa frasa, klausa, jeung kalimah (Sudaryat, 2013, kc. 155). Salian ti tata sora, tata kecap, jeung tata kalimah, aya ogé istilah tata wacana anu ilahar disebut pragmatik, nyaéta élmu anu maluruh ngeunaan wacana atawa patalina unsur basa jeung pamaké katut kontéks makéna (Sudaryat, 2013, kc. 282).

Konstruksi frasa salaku salah sahiji bagéan tina widang sintaksis anu miboga analisis nu kaasup hésé, boh dina struktur frasana boh dina patalina jeung struktur predikatif. Sasaruatan konsép henteu ngan ukur aya dina kecapna hungkul, tapi aya ogé dina hal nu leuwih jembar, nya éta kalimah. Ieu hal ngabalukarkeun lobana anu disebut frasa, padahal lamun nilik deui kana deui kana ciri-cirina mah éta téh teu kaasup kana frasa. Frasa tangtu waé miboga wandana séwang-séwangan, salah sahijina nya éta frasa sifat. Nilik kana wangenana, frasa sifat nya éta frasa anu unsur puseurna mangrupa frasa sifat. Dina sababaraha kasus, mineng kapanggih aya frasa

barang nu disebut frasa sifat, contona frasa *budak geulis* lain mangrupa frasa sifat, tapi frasa barang. Antukna loba kasalahpahaman ngeunaan frasa.

Dina basa aya nu disebut komponén gramatika atawa subsistem gramatika, anu ngawengku dua subsistem, nya éta subsistem morfologi jeung subsistem sintaksis. Nurutkeun Chaer (2015, kc. 2) subsistem morfologi miboga tugas ngokolakeun komponén léksikon jadi kecap nu miboga sipat gramatikal. Subsistem sintaksis ngokolakeun kecap-kecap hasil tina olahan subsistem morfologi jadi wengkuan sintaksis. Ieu wengkuan sintaksis bakal diolah ku subsistem fonologi jadi wujud-wujud fisis dina sora, nu miboga sipat nu konkrét kusabab bisa diteuleuman sacara émpiris ngaliwatan indera pangrungu. Subsistem sintaksis medar ngeunaan aturan kekecapan kana hal-hal nu leuwih gedé, nu disebut satuan sintaksis, nya éta kecap, frasa, klausa, kalimah, jeung wacana (Chaer, 2015, kc. 3).

Sintaksis nya éta tata basa anu medar patalina antar kecap dina hiji hal (Chaer, 2003, kc. 161), sedengkeun nurutkeun Kuswari & Hernawan (2014, kc. 3) sintaksis nya éta salah sahiji cabang tina tata basa anu ngulik, maluruh, jeung medar ngeunaan frasa, klausa, kalimah, jeung wacana katut patali gramatik antarkonstruksina. Sintaksis sacara étimologi miboga harti nyaéta nempatkeun kecap-kecap babarengan jadi kantétan kecap sarta kantétan-kantétan kecap jadi kalimah (Sudaryat, 2013, kc. 155).

Kalimah mangrupa kecap atawa runtuyan kecap nu ngawengku pikiran gembheng tina hiji wacana, rélatif bisa mandeg mandiri sarta diwatesanan ku randegan panjang tur miboga lentong pamungkas turun atawa naék (Kuswari & Hernawan, 2014, kc. 69). Sudaryat, spk. (2007, kc. 180) nétélakeun kalimah téh nya éta konstruksi gramatik maksimal, anu mangrupa bagéan pangleutikna anu ngawengku pikiran anu lengkep tina hiji wacana, anu diwatesanan ku randegan panjang tur miboga lentong pamungkas turun atawa naék, anu rélatif bisa mandeg mandiri.

Bagian tina kalimah nya éta frasa, saperti anu ditétélakeun ku Kuswari & Hernawan (2014, kc. 12) frasa nyaéta wangun gramatik anu diwangun ku dua kecap atawa leuwih anu nyicingan hiji fungsi dina klausa atawa kalimah tur teu prédikatif. Frasa ogé bisa dihartikeun salaku gabungan dua kecap atawa leuwih nu

sipatna henteu prédikatif (Kridalaksana, 2008, kc. 66), sedengkeun nurutkeun Ningsih (2017) frasa nyaéta sakelompok kecap nu miboga fungsi salaku *satuan* dina hiji kalimah. Salah sahiji wanda frasa téh aya frasa sifat, anu jadi fokus panalungtik dina ieu panalungtikan. Frasa sipat nyaéta frasa anu sarua distribusina jeung unsur puseurna anu mangrupa kecap sipat atawa adjektiva (Sudaryat, 2013, kc. 175). Aya ogé nurutkeun Munirah (2017, kc. 107) frasa adjektiva atawa frasa sifat nyaéta frasa anu unsur intina mangrupa frasa sifat, sedengkeun atributna bisa mangrupa frasa atawa kecap nu lian, sedengkeun nurutkeun (Chaer, 2015, kc. 144) frasa ajektifal atawa frasa sifat mangrupa frasa nu ngeusian atawa nyicingan fungsi prédikat dina hiji klausa ajektifal. Dina sejarah paélman linguistik loba ngagunakeun wangenan-wangenan anu béda, istilah frasa digunakeun salaku sistem sintaksis nu satingkat aya di handapeun klausa, atawa nu satingkat aya di luhureun kecap. Frasa adjektiva atawa frasa sifat nyaéta frasa éndoséntris nu inti kecapna diwangun ku kecap sifat sedengkeun unsur nu séjénna ngagunakeun kecap panambah (Ariska, 2017, kc. 296).

Ayana frasa dina paélman sintaksis tangtu waé miboga peran nu penting dina prosés ngawangun kalimah. Frasa raket patalina jeung kecap, klausa, ogé kalimah. Tujuan tina ieu panalungtikan nya éta maluruh frasa sifat, wanda frasa, adegan frasa sifat, jeung patali harti antarunsur frasa sifat dina Novel *Sabobot Sapihanéan Sabata Sarimbagan* karya Mh. Rustandi.

Novel *Sabobot Sapihanéan Sabata Sarimbagan* karya Mh. Rustandi Kartakusuma mangrupa novel anyar nu kakara medal di taun 2018. Ieu mangrupa novél nu struktur kabahasaanana ngagunakeun basa Sunda mangsa kiwari, anu tangtu waé geus aya bébédana jeung struktur basa Sunda mangsa heubeul. Ku kituna, panalungtik milih ieu novél salaku objék panalungtikan, sangkan mikanyaho tur ngadéskripsikeun frasa sipat nu nyampak dina ieu novél basa Sunda anu tata basana ngagunakeun basa Sunda mangsa kiwari. Dina novel “Sabobot Sapihanéan Sabata Sarimbagan” karya Mh. Rustandi Kartakusumah loba kapaluruh frasa sipat, conto konkritna dina kalimah “mangkaneing Anah mah éraan pisan”, kapanggih aya frasa sifat “éraan pisan”.

Hiji panalungtikan tangtu waé teu bisa jadi panalungtikan anu sampurna lamun taya panalungtikan-panalungtikan nu ngarojong. Panalungtikan nu ngarojong kana ieu panalungtikan nya éta panalungtikan ku Ary Setyadi (2017) nu judulna “Unsur Tambahan dina Frase Adjektiva”, tuluy aya oge panalungtikan ku Puti Novianti Aristia (2017) nu judulna “Frasa Adjektiva Bahasa Jepang: Analisis X-Bar”. Panalungtikan saacana ku Tyas Hilda Utami (2019) nu judulna “Fungsi dan Ketgori Adjektival Pada Kalimat Sederhana dalam Novel Sense and Sensibility Karya Jane Austen”, aya oge panalungtikan ku Heny Sulistyowati (2019) nu judulna “Hubungan Makna Atributif Frasa Ajektival dalam Wacana Naratif”.

Ieu panalungtikan miboga sasaran jeung panalungtikan-panalungtikan séjén nu geus dilakukeun leuwih tiheula, sasaranana nyaéta sarua medar jeung nalungtik ngeunaan frasa sifat, tapi salian ti miboga sasaran, tangtu waé ieu panalungtikan téh aya bédana jeung panalungtikan saacana, bédana nyaéta aya dina objék sarta dina basana, dina panalungtikan saacana nu dilakukeun ku Ary Setyadi (2017) nu judulna “Unsur Tambahan dalam Frase Adjektiva” éta panalungtikan mah medar unsur-unsur tambahan nu nyampak dina frasa sifat. Salian ti éta aya oge panalungtikan ku Mulyadi (2008) anu judulna “Struktur Frasa Adjektival dalam Bahasa Indonesia”, éta panalungtikan medar ngeunaan struktur frasa sipat dina basa Indonesia dumasar tiori X-bar.

Frasa sifat salaku nu ngeusian fungsi-fungsi sintaksis, nu maluruh ngeunaan kumaha ngawangun kalimah, tangtu waé frasa sifat kacida diperlukeunana dina ngawangun kalimah sarta digunakeun oge dina prosés nulis karya sastra kaasup novél, ku kituna ku diayakeuna ieu panalungtikan bisa ngajembaran pangaweruh ngeunaan frasa sifat, alesan séjén diayakeuna ieu panalungtikan kusabab can loba nu nalungtik ngeunaan frasa sifat hususna frasa sifat nu nyampak dina novél basa Sunda. Ku kituna, nilik kana hal-hal anu geus diébréhkeun di luhur, ieu panalungtikan anu judulna *Adegan Frasa Sifat dina Novel Sabobot Sapihanéan Sabata Sarimbagan Karya Mh. Rustandi Kartakusumah (Ulukan Struktural jeung Semantik)* perlu dilakukeun.

1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang nu geus dipedar di luhur, anu jadi masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya ieu di handap.

- a. Frasa sifat naon waé anu kapanggih dina novél *Sabobot Sapihanéan Sabata Sarimbagan* karya Mh. Rustandi Kartakusumah?
- b. Kumaha wanda frasa sifat dina novél *Sabobot Sapihanéan Sabata Sarimbagan* karya Mh. Rustandi Kartakusumah?
- c. Kumaha adegan frasa sifat dina novél *Sabobot Sapihanéan Sabata Sarimbagan* karya Mh. Rustandi Kartakusumah?
- d. Kumaha patali harti antarunsur frasa sifat dina novél *Sabobot Sapihanéan Sabata Sarimbagan* karya Mh. Rustandi Kartakusumah?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Panalungtikan ieu miboga dua tujuan, nyaéta tujuan umum jeung tujuan husus, anapon tujuan husus jeung tujuan umum éta saperti ieu di handap.

1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum, ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun frasa sifat anu kapanggih dina novél *Sabobot Sapihanéan Sabata Sarimbagan* karya Mh. Rustandi Kartakusumah.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus, ieu panalungtikan téh miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun:

- a. frasa sifat anu kapanggih dina novél *Sabobot Sapihanéan Sabata Sarimbagan* karya Mh. Rustandi Kartakusumah;
- b. wanda frasa sifat dina novél *Sabobot Sapihanéan Sabata Sarimbagan* karya Mh. Rustandi Kartakusumah;
- c. adegan frasa sifat dina novél *Sabobot Sapihanéan Sabata Sarimbagan* karya Mh. Rustandi Kartakusumah; jeung
- d. patali harti antarunsur frasa sifat dina novél *Sabobot Sapihanéan Sabata Sarimbagan* karya Mh. Rustandi Kartakusumah.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat dina ieu panalungtikan diwincik jadi mangpaat téoritis jeung mangpaat praktis.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara téoritis, ieu panalungtikan dipiharep miboga mangpaat, di antarana waé pikeun ngeuyeuban élmu pangaweruh dina widang sintaksis utamana ngeunaan frasa sipat.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Mangpaat praktis dina ieu panalungtikan dipedar saperti ieu handap.

- a. Pikeun panalungtik, hasil tina ieu panalungtikan bisa leuwih ngeuyeuban pangaweruh ngeunaan frasa sifat, anu ngawengku wanda frasa sifat, adegan frasa sifat, jeung patali harti antarunsur frasa sifat;
- b. Pikeun panalungtik séjén, hasil tina ieu panalungtikan bisa méré kasempetan keur panalungtikan saterusna anu patali jeung matéri tata basa, anu salah sahijina nya éta sintaksis, utamana ngeunaan frasa;
- c. Pikeun nu maca, hasil tina ieu panalungtikan bisa méré déskripsi ngeunaan frasa sifat dina novél *Sabobot Sapihanaéan Sabata Sarimbagan* karya Mh. Rustandi Kartakusumah minangka kabeungharan pangaweruh basa Sunda.

1.5 Raraga Tulisan

Raraga tulisan dina nyusun skripsi bisa diwincik saperti ieu di handap.

BAB I Bubuka, medar ngeunaan kasang tukang panalungtikan, identifikasi masalah panalungtikan, rumusan masalah panalungtikan, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, sarta raraga tulisan.

BAB II Ulikan Tiori, medar ngeunaan tiori panalungtikan, nu ngawengku tiori ngeunaan frasa sifat, nya éta wangenan frasa, wanda frasa, warna frasa, wangenan frasa sifat, wanda frasa sifat, sarta formulasi adegan frasa sifat, jeung sagala hal nu aya patalina jeung frasa sifat, tuluy dina ieu bab aya ogé panalungtikan saméméhna jeung raraga mikir.

BAB III Metode Panalungtikan, medar ngeunaan metode panalungtikan, nu ngawengku desain panalungtikan, sumber data panalungtikan, téknik ngumpulkeun data, instrumén panalungtikan, sarta analisis data.

BAB IV Hasil Panalungtikan, medar ngeunaan hasil panalungtikan, nu ngawengku frasa sifat, adegan frasa sifat, jeung wanda frasa sifat dumasar kana patali harti antarunurna nu kapaluruh dina novél *Sabobot Sapihanéan Sabata Sarimbagan* karya Mh. Rustandi Kartakusumah, sarta aya ogé pedaran hasil panalungtikan.

BAB V Kacindekan, medar ngeunaan kacindekan, implikasi jeung rékoméndasi.